

**KUNANI UYE
KUBUDIKIDZA NANI
TINONAMATA?**

NaBetty Burton Choate



Kunani uye Kubudikidza Nani

Tinonamata?

NaBetty Burton Choate

"... *Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri; Zvose zvamunenge muchakumbira kunaBaba, vachakupai izvo muzita rangu. Kusvikira zvino hamuna kukumbira chinhu muzita rangu; kumbirai muchapiwa, mufaro wenyu uzadzike* (Johane 16:23,24). Makapihwa, pfungwa dzemhunhu dzinokamuka dzisingakwanise kunzwisisa zvakazara Dzisinga kwanise kuona Mwari muchimiro chake muhutatu, asi chiratidzo chaMwari chinotiudza zvizhinji zvatinogona kuita. Chimiro chimwe "chaMwari" muna vaHeberu- EL -chakashandiswa kanosvika mazana mashanu muzvinyorwa, apo muuwandu zvichiratidza chinhu chimwe - ELOHIM - rinoshandiswa kanokwana kusvika mazana matatu. Zvinosvika pakutiratidza magumo ekuti Mwari vedu ari Muuzhinji, izvo zvinova zvakanyorwa kakawanda muZvinyorwa zvinozivisa hutatu uyu:

- ❖ **Ishe veHondo**, rinova **Inzwi, Mweya vaMwari** (Genesis 1:1,2; Johane 1:1,3)
- ❖ **Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene** (Mateo 28:19)
- ❖ "*Jesu ... anotaure kuva Mwanakomana vaMwari ... wakaraidzwa nesimba paMweya wovutsvene ...*" (VaRoma 1:3,4)

❖ "... *Mweya amene unopupurirana... kuti tiri ... vana vaMwari uye vadyi venhaka pamwe chete naKristu....*" (VaRoma 8:16,17).

Muna Isaya 48:12,13, tinoverenga kuziviswa: "**Ndini** Iye, Ndini Wokutanga, Ndini wokupedzisirawo, "uye tikaenderera mberi kundima yemukati 16, inzwi rimwechete rinoenderera mberi: "... uye zvino **Ishe Mwari neMweya Wake** akandituma."

Tinodzidza kubva muZvinyorwa kuti **Mwari, anoonekwa chimiro chake muhutatu, chinoti Mwari Baba, Mwanakomana neMweya Mutsvene** zvinoshanda zvose pamwechete, sepakusikwa. Dzimwe tsanangudzo dzinoenderera mberi muTestamente Itsva (vaFiripo 2:5-8; Johane 1:14). Zvinoratidza kuti apo **Inzwi** rinozvidirurira Pachezvaro ndokutora muviri vakaita sovomunhu, Ndokuzviisa pasi pechido **chaBaba** avo vakamutuma Iye munyika (vaHeberu 5:8; Johane 7:16). Zvakare tinoverenga muna Johane 14:26, "*Asi Munyaradzi, Mweya Mutsvene, uchatumwa naBaba muzita rangu, Iye uchakudzidzisa zvose,*"

Ndiko kupa kuteerera kuZvinyorwa zvinopa mutaro, tinoona kuti **Inzwi**, rakazvarwa munyika **seMwanakomana vaMwari uye Mwanakomana vomunhu** (vaHeberu 1:5,6)-rinova Dangwe - mukoma mukuzvarwa, **Jesu Kritsu** - akava zambuko rinotibatanidza naMwari. Mwari Ari Baba **Vake**, Jesu ari Mukoma **vedu**, saka nokudaro, Mwari ndiBaba **veduwo** zvakare. VaGaratia 4:6 rinotaura kuti Mweya **veMwanakomana** unogara matiri, unochema uchiti "*Abba, Baba*" zvinoratidza kuti isu tiri **vana vaMwari** kwete varanda.

Uye tinotii pamusoro peMweya Mutsvene? Sezvataverenga pakutanga, vaApostora vakavimbiswa kuti Uchatumirwa kwavari uye uchavarangaridza zvose izvo Jesu akavadzidzisa. Kubidikidza nechitiko chakakosha icho vakafuridzirwa kunyora Zvinyorwa (2 Timotio 3:16), nokudaro, mumanzwi akanyorwa, tine ruchengeto rwenguva yose rwunopihwa neMweya. Zvakare takaudzwa kuti Vakapihwa kune vose vanoteerera Mwari (Mabasa 5:32), kuti Anosimbisa munhu vemukati (vaEfeso 3:16), kuti Unotibatsira muhutura hwedu, uye kiti unotibatsira neminamoto yedu apo patinenge tisingaziva kuti tinganamata sei (vaRoma 8:26).

Kubva mundima idzi tinodzidza zvinhu zvakatiwande zvakakosha. Zvokwadi taona

kuti **Mwari** anemasimba ose, kuti anoziva zvinhu zvose - Anoziva kunyangwe kufunga kwedu tisati takuumba mupfungwa dzedu (Mapisarema 139), saka zvirokwazvo *anonzwa* minyengetero yedu. Asi mumutaro Vake vehukama vake neMakritsu, **Mwari Baba** akasarudzwa nzira *imwechete iyo yatinoendesana nayo minamoto yedu*. Chokwadi chataurwa, sevanhu vanotadza hatina bvumo yekuuya pamberi pake asi, kutsitsi Dzake, Baba vedu vakagadzira nzira yedu. Sei? Inzwi rakazvidurura Pachezvaro uye rakazvarwa munyama (vaHeberu) 2:14-17) akagadzira zvinhu zvose se"*hama Dzake*", avo vanhu vanoteerera vanondosvisuka muropa Rake kubudikidza nerubhabatidzo (1 Petro 1:18:19).

Ndosaka tichienda pamberi paMwari muminyengetero, takafukidzwa muropa raKritsu, uye tinozviratidza isu muzita Rake. **Jesu Kritsu**, Mwanakomana vaMwari uye Mukoma vedu, Uyo akagara kurudzi rweruoko rwaMwari, *ndiye mumwechete kubudikidza nezita Rake uye nekuda kwesimba rake tinotenderwa kutaura naBaba vedu vari Kudenga*.

Uripo pano pasi nesu, **Mweya Mutsvene** unogara matiri, maringe nechivimbiso : "*Hamuzivi here kuti muviri wenyu itembere yoMweya Mutsvene, uri mukati menyu, wamakapiwa naMwari? Hamuzi venyu*" (Vakorinte 6:19). vaRoma 8:26 inotsanangura kuti Mweya amene *unotinyengeterera nokugomera kusingataurwi* kuti tinenge tisingataure tega.

Tinofanirwa kuchengeta mitaro mubasa raMwari, mumamiriro ake Muhutatu, pakutanga mukufunga kwedu apo tinonyengetera, kuitira kuti tikwanise kunyengetera sezvinotaurwa nemagwaro.

Wakambonzwa minyengetero yakaita seiyi : "**Baba**, Tinokutendai **nemuviri Venyu** uyo **Makatipa...**", "... **Baba**, Ndinokutendai nekuda **kweRopa Renyu** iro rakadururirwa isu..."

"**Muzita Renyu** tinonamata, **Ameni**."

Munhu uyu anenge achinamata anenge asina ruzivo rwekuti Mwari Baba haasi iye muchimiro Chake cheHutatu Akatifira isu? Munhu anenge achinamata haana ruzivo kuti

"Baba" vatinonamata akasiyana "naJesu Kritsu", muzita ratarairwa kunamata kubudikidza naro?

Tinofanirwa kuremekedza musiyano vakaitwa naMwari mubasa rake Muhutatu. Hapana patinoona muZvinyorwa patinonzwa pakataurwa kuti muviri vaMwari vakaroverwa nokuda kwedu; kana patakaona pakanzi Mweya Mutsvene vakatifira. Saka, **Kunani** Kwatinofanirwa kunamata? **kuna Mwari Baba. Kubudikidza nani** tinofanofanirwa kunamata? **kubudikidza naJesu Kritsu, Ishe vedu.** Uye **nerubatsiro rwaani** rwatinofanira kuumba naro minyengetero yedu? nerubatsiro **rwoMweya Mutsvene.** Izvi ndizvo zvinhu zvinofanirwa kusiyaniswa kana tichinamata.